NZIRA YECHIPIYANISO

Mwari Baba, Mwanakomana wenyu Yesu akava munhu, asi munhu wenhamo namatambudziko. Nguva yose iyi yaakanga ari pasi pano, kubvira ucheche hwake dakara musi wokufa kwake wakatitamburira isu vatadzi.
Tinokutendai Baba zvamakatipa mununuri wakadai. Chipiyaniso chake chakatiwanira nzira yakuenda nayo kudenga, chikatigonesa kuva vana venyu zvakare.

Yesu, tinoda kufamba zvino panzira yenyu yechipiyaniso, imi muchitionesazve marwadzo ose akasakiswa namatadzo edu, isu tichirwadziwa mumwoyo nokuapfidza chose. Tinokumbirisa, mutiregerere matadzo edu. Amen.

St. Ignatius Loyola Parish - **Chishawasha Mission, Zimbabwe -** www.chishawashamission.org

I – Yesu asine mhaka ari kutongerwa kufa naPonsiyo Pirato

M Tinokupfugamirai, Kristo Mambo, tinokurumbidzai.

V Zvamakanunura vanhu vose nechipiyaniso chenyu chisande.

M **Ngatirangarirei:** Yesu wakabuda mumba maKaifasi, umo akanga atukwa. Akabudazve kwaHerode, apo akanga asekwa. Zvino pana Ponsiyo Pirato iye musiki anotongwa nechisikwa, iye Mwari anotongwa nomutadzi. Mutongi wacho idera uye vamangari vazere nhema namakuhwa. Yesu akavinga kuti vanhu vave noupenyu, asi ivo vanomutongera kufa.

M Yesu, makatakura matadzo edu ose.

V Makapira isu hama dzenyu upenyu hwenyu.

M **Ngatinamatei:** Yesu madiwa, zvakaitika apa hazvina kuitika kamwe chete, zvikapera. Zuva rimwe nerimwe munotongwa saizvozvo, nokuti nokutadza kwedu tinokufuratirai. Tiregerereiwo kuti pazuva rokutongwa kwedu tiwane mufaro usingaperi.

M Kristo Mambo, makarovererwa pachipiyaniso.

V Tinzwireiwo tsitsi.

Rwiyo

Amai vangu vasande,
Maronda oMununuri,
Nditsikirei mumwoyo.

II – Yesu ari kutakudzwa Chipiyaniso

M Tinokupfugamirai, Kristo Mambo, tinokurumbidzai.

V Zvamakanunura vanhu vose nechipiyaniso chenyu chisande.

M **Ngatirangarirei:** Yesu anofanira kufa rufu runosvodesa. Somuipi achaturikwa pachena padanda rechipiyaniso. Zvino vapondi vanouya nacho nokuchiisa pamafudzi ake. Mununuri wedu anochigumbatira nomwoyo wakashinga.

M Yesu, makatakura matadzo edu ose.

V Makapira isu hama dzenyu upenyu hwenyu.

M **Ngatinamatei:** Yesu madiwa, munotakura mutoro wedu. Asi isu kazhinji tinoramba kana kunzvenga chipiyaniso, kubvira matambudziko atinenge takaremedzwa nawo. Itai kuti tirege kukanganwa mashoko enyu okuti, "Uyo asingadi kutakura chipiyaniso chake achinditevera haakodzeri kuva wangu". **(Mt. 10,38).**

M Kristo Mambo, makarovererwa pachipiyaniso.

V Tinzwireiwo tsitsi.

Rwiyo

Yesu Kristo achifira
Uko pachipiyaniso,
Amai kwazvo vachema.

III – Yesu awira pasi nekuremerwa neChipiyaniso

M Tinokupfugamirai, Kristo Mambo, tinokurumbidzai.

V Zvamakanunura vanhu vose nechipiyaniso chenyu chisande.

M **Ngatirangarirei:** Yesu waneta, arukutika. Shungu yake yomumunda, kusagona kuvata, kuvhunzwazve navatongi, kupurwa pamutsigo nokupfekedzwa ngundu yeminzwa – zvose izvi zvamupedza. Anowira pasi achitsimbirirwa nechipiyaniso.

M Yesu, makatakura matadzo edu ose.

V Makapira isu hama dzenyu upenyu hwenyu.

M **Ngatinamatei:** Yesu madiwa, kuwa kwedu kwakasiyana nokwenyu. Imi munowira pasi munzira yechipiyaniso, isu tinowira mumatadzo. Imi makashingairira kutiponesa, asi isu tinozvifadza nokuchinya kwedu. Tinochema tichinyara zvivi zvedu. Mutisimudze nokutibudisa mumatadzo edu.

M Kristo Mambo, makarovererwa pachipiyaniso.

V Tinzwireiwo tsitsi.

Rwiyo

Mwoyo wavo wakatsvira,
Mwana wavo wabayiwa
Pazvanza, pamakumbo.

IV - Amai Mariya vari kusangana nomwana wavo munzira

M Tinokupfugamirai, Kristo Mambo, tinokurumbidzai.

V Zvamakanunura vanhu vose nechipiyaniso chenyu chisande.

M **Ngatirangarirei:** Zviya vakafemberwa naSimiyoni nhasi zvoitika. Mai havagoni kukurukurirana nomwana wavo, nokudaro vanoshungurudzwa mwoyo. Vose vari vaviri vanofa neshungu vachigoverana matambudziko. Asi vanotsigirana norudo rukuru runosimbisa vose vari kuita kuda kwaMwari.

M Yesu, makatakura matadzo edu ose.

V Makapira isu hama dzenyu upenyu hwenyu.

M **Ngatinamatei:** Yesu madiwa, imi hamuna kukwasha nyaradzo mumatambudziko kunyangwe kuna avo vapamwoyo penyu. Nguva dzose isu tinoda kunyaradzwa, asi nyaradzo yezviro kwazvo tinoiwana mamuri chete. Nokuti ndimi upenyu, ndimi nzira yedu inotigonesa kusvika kwamuri.

M Kristo Mambo, makarovererwa pachipiyaniso.

V Tinzwireiwo tsitsi.

Rwiyo

Isu tose tinochema

Tichitarisa Mariya,

Amai vachigomera

V – Simiyoni weSirene ari kutakudzwa Chipiyaniso chaYesu

M Tinokupfugamirai, Kristo Mambo, tinokurumbidzai.

V Zvamakanunura vanhu vose nechipiyaniso chenyu chisande.

M **Ngatirangarirei:** Simiyoni zvako mugoni wayamura Yesu mumatambudziko ake. Zvinotisimbisa sei kuziva kuti Mambo afadzwa newe womuno muAfrika. Asi chokwadi hapana chandingachochora pana Simiyoni, nokuti nyangwe nhasi ndingagona kuitawo zvaakaita iye. Yesu wakati "Zvamakaitira mumwe wavaduku vehama dzangu ndiyeni wakare wamakazviitira" (Mateo 25, 40).

M Yesu, makatakura matadzo edu ose.

V Makapira isu hama dzenyu upenyu hwenyu.

M **Ngatinamatei:** Yesu madiwa, muti unovava ndiwo unorapa. Makabatsira Simiyoni negomborero rokutakura chipiyaniso nechido. Tinochema kwamuri kuva Simiyoni muzviito zvedu. Zarurai meso edu kuti tibatsire hama dzedu dziri mumatambudziko, tigova zvinungu zvine miseve yomufaro tigorerutsa rupenyu rwavamwe norwedu. Chido ndiwo mambure okukwevera vamwe kwamuri.

M Kristo Mambo, makarovererwa pachipiyaniso.

V Tinzwireiwo tsitsi.

Rwiyo

Vakaona mwana wavo
Achitambudzika kwazvo
Achitifira isu.

VI - Veronika ari kupukuta uso hwaYesu

M Tinokupfugamirai, Kristo Mambo, tinokurumbidzai.

V Zvamakanunura vanhu vose nechipiyaniso chenyu chisande.

M **Ngatirangarirei:** Ropa rinochururuka pauso hwaYesu. Yesu anotadza kuona. Veronica, mudzimai wetsiye nyoro, anoverevedza pakati pegurusvusvu ravanhu vazere ruvengo kundonyaradza mununuri wake. Anobvisa dhuku yake achipukuta nayo uso hwaYesu. Yesu anomutusa achizvipa kunaye mumufananidzo wechiso chake.

M Yesu, makatakura matadzo edu ose.

V Makapira isu hama dzenyu upenyu hwenyu.

M **Ngatinamatei:** Yesu madiwa, rupenyu rwedu ngaruve mucheka waVeronika kuti rupukute nokubvisa kutambura kwavamwe vedu. Varege kuona isu asi imi matiri. Tive nyaradzo kuna vose vatinosangana navo; tipeiwo kushinga kwaVeronika kuti tirege kutya kuita zvakarurama.

M Kristo Mambo, makarovererwa pachipiyaniso.

V Tinzwireiwo tsitsi.

Rwiyo

Vakaona Muponesi

Achirwadzwa namaronda

Pa'msana pamatadzo.

M Tinokupfugamirai, Kristo Mambo, tinokurumbidzai.

V Zvamakanunura vanhu vose nechipiyaniso chenyu chisande.

M **Ngatirangarirei:** Yesu ava kufamba achidzengedzeka, achitatarika, achidzungaira anowira pasi pakare. Mutoro wamatadzo edu wakaisvorema. Asi rudo rwake rwokutinunura runomumutsazve. Anofamba netsungo achienda kurufu rwake.

M Yesu, makatakura matadzo edu ose.

V Makapira isu hama dzenyu upenyu hwenyu.

M **Ngatinamatei:** Yesu madiwa, imi hamuiti chinya kana tichikutadzirai. Tipeiwo mwoyo wakafanana nowenyu usingacheuki shure, mwoyo usingazezi kurema kwechipiyaniso. Tibetserei negomborero renyu kuti tikunde miviri yedu ino utera pamusana pamatadzo edu.

M Kristo Mambo, makarovererwa pachipiyaniso.

V Tinzwireiwo tsitsi.

Rwiyo

O Mariya tifundisei
Kupfidza matadzo edu
Akauraya Yesu.

VIII - Vakadzi veYerusarema vari kuchema Yesu

M Tinokupfugamirai, Kristo Mambo, tinokurumbidzai.

V Zvamakanunura vanhu vose nechipiyaniso chenyu chisande.

M **Ngatirangarirei:** Madzimai eYerusarema anotarisa Yesu nemisodzi padama. Misodzi ndeyokubayiwa mwoyo vachiona munhu achitambura zvakadai asina chaakatadza. Yesu anotendeukira vakadzi ava nokuvanyaradza pamwe nokuvayeudza kushata kwakaita matadzo avo, achiti, "Vakunda veYerusarema, musandicheme ini, asi zvichemei imi navana venyu" **(Ruka 23,28).**

M Yesu, makatakura matadzo edu ose.

V Makapira isu hama dzenyu upenyu hwenyu.

M **Ngatinamatei:** Yesu madiwa, munoda kutidzidzisa kutirira minzwa namasoso anouya zuva nezuva murupenyu rwedu. Tatoona zvino kuti nokutamburira vamwe tinokwezvera kwamuri nyangwe vaya vanga vaomesa mwoyo. Manzwi igasva anozadziswa nezviito.

M Kristo Mambo, makarovererwa pachipiyaniso.

V Tinzwireiwo tsitsi.

Rwiyo

Ngatigoverane nemi
Kutambudzika kwaYesu
Kwaakatirwadzirwa.

M Tinokupfugamirai, Kristo Mambo, tinokurumbidzai.

V Zvamakanunura vanhu vose nechipiyaniso chenyu chisande.

M **Ngatirangarirei:** Hoyo Yesu waputsika rwetatu, haachagoni nokusimudza ruoko. Zvinodambura mwoyo kuona murume wakasvika achishaya simba kudai. Chii chasakisa izvi! Mufaro wedu mukusindimarira mumatadzo tichiziva tichida ndiwo wamuponda munhu uyu worudo.

M Yesu, makatakura matadzo edu ose.

V Makapira isu hama dzenyu upenyu hwenyu.

M **Ngatinamatei:** Yesu madiwa, ko isu tinowira murutadzo kangani! Kazhinji chose. Nguva zhinji tinochera chikomba pasi nokupfira mate tichiti, 'Hatichapamhidzi'. Asi noutera hwedu tinovhukunura zvatakacherera pasi nokuwira murutadzo zvekare. Yesu madiwa, pengenusai meso edu tione uipi hworutadzo.

M Kristo Mambo, makarovererwa pachipiyaniso.

V Tinzwireiwo tsitsi.

Rwiyo

Ngatimire paKavari
Tichiona nhamo dzose
Dzinoisvokunetsai.

M Tinokupfugamirai, Kristo Mambo, tinokurumbidzai.

V Zvamakanunura vanhu vose nechipiyaniso chenyu chisande.

M **Ngatirangarirei:** Yesu anobviswa hanzu pazere vanhu nokusara ave bunumunu achionekwa nani naani wose. Vanokwatura nguo dzanga dzanamira pachenyengurwa nejamboko; muviri wose wangova ronda rimwe.

M Yesu, makatakura matadzo edu ose.

V Makapira isu hama dzenyu upenyu hwenyu.

M **Ngatinamatei:** Yesu madiwa, munobvuma zvenyu kushorwa nokunyadziswa kudaro kuti muripire matadzo ose okupanga kana okuita zvinonyadza. Kuti tikutunure munhu musharu tinofanira kuva neshungu dzokuzvikwatanura tsika dzedu dzakaipa nazvose zvinotitadzisa kumhanyira kuna Mwari.

M Kristo Mambo, makarovererwa pachipiyaniso.

V Tinzwireiwo tsitsi.

Rwiyo

Ngatiyeuke maronda,
Akatirirwa naYesu
Pamusana pedu.

M Tinokupfugamirai, Kristo Mambo, tinokurumbidzai.

V Zvamakanunura vanhu vose nechipiyaniso chenyu chisande.

M **Ngatirangarirei:** Sando inorovererwa nayo hoko dzesimbi iri kunzwika kuti ngo-ngo-ngo, asi hoko dziri kupinda paiko? Munyama yaYesu! Uyo chete asina mwoyo ndiye anogona kutarisa. Mwanakomana waMwari anovanzarikwa pachipiyaniso nechisikwa. Chokwadi mhondi idzi dzakasvinuka.

M Yesu, makatakura matadzo edu ose.

V Makapira isu hama dzenyu upenyu hwenyu.

M **Ngatinamatei:** Yesu madiwa, zvataziva kuti matadzo edu ndidzo hoko dzinokubayai, kusada kutsunga iri iyo sando, tinokumbira kuti mutsigire chido chedu tishingairire kurasa izvi zvose. Tichirangarira kuti makatambura sei pamusana pokuda isu, tinoda kukuratidzai kutenda kwedu tichiita kuda kwenyu.

M Kristo Mambo, makarovererwa pachipiyaniso.

V Tinzwireiwo tsitsi.

Rwiyo

Hoko ndefu dzakabaya.

Tsoka dzake namaoko.

Mariya achiona.

M Tinokupfugamirai, Kristo Mambo, tinokurumbidzai.

V Zvamakanunura vanhu vose nechipiyaniso chenyu chisande.

M **Ngatirangarirei:** Yesu anorembera pachipiyaniso chinova ndiyo Atari yakatunhumadzwa; wonyatsoona masoja navamwe vanhu vachigadaidzana vachimusveeredza. Yesu haatsividzi, haasarudzi pakununura kwake. Kunyangwe muteuro wazara kuti tuba, murudo rwake anotipazve mai vake.

M Yesu, makatakura matadzo edu ose.

V Makapira isu hama dzenyu upenyu hwenyu.

M **Ngatinamatei:** Yesu madiwa, matambanudza maoko enyu kuti mumbundikire vanhu vose vose. Munotidana asi isu mukutadza kwedu tinowanzodavira tichiti, "Handidi kuuya kwamuri". Shure kwechipiyaniso chenyu hakuna munhu kuitira kuti anokudai awane pokuzviroverera. Zvino tinoda kuva pedyo nemi, nokuti vanodana havasiyani.

M Kristo Mambo, makarovererwa pachipiyaniso.

V Tinzwireiwo tsitsi.



Rwiyo

Kana isu tichitadza,
Tinobaya Mununuri
Nomwoyo wa'mai vake.

M Tinokupfugamirai, Kristo Mambo, tinokurumbidzai.

V Zvamakanunura vanhu vose nechipiyaniso chenyu chisande.

M **Ngatirangarirei:** Zvino Yesu wafa, wazorora zvake Mwanakomana waMwari. Kunyangwe zvake atambudzwa, afa asina zishura nomunhu. Vanomuturunura vachimuisa pamakumbo amai vake, apo paakambogara somwana mudiki achayevedza. Mai Mariya Havana mate nenhamo yakadai.

M Yesu, makatakura matadzo edu ose.

V Makapira isu hama dzenyu upenyu hwenyu.

M **Ngatinamatei:** Yesu madiwa, meso edu anonyara kutarisana nemi nezvatakaita. Tipeiwo kuona kushata kwamatadzo nomwoyo unoapfidza. Pfumo raRongino ratotizarurira mukova mumwoyo menyu, munova ndimo matinovanda kana satani otirunzira.

M Kristo Mambo, makarovererwa pachipiyaniso.

V Tinzwireiwo tsitsi.



Rwiyo

O Mariya tibatsirei,
Isu vatadzi vaipi,
Tirwarire matadzo.

M Tinokupfugamirai, Kristo Mambo, tinokurumbidzai.
V Zvamakanunura vanhu vose nechipiyaniso chenyu chisande.

M **Ngatirangarirei:** Yesu anovigwa muguva risiri rake. Chokwadi, Mwanakomana waMwari haana nechii chose chiri chake. Sembeu inofusirwa muvhu kuti imere, Yesu vakabuda muguva noupenyu utsva hwatichagoverana naye. Varindi ava veguva rake ndivo vakatanga kupupurira kumuka kwaYesu.

M Yesu, makatakura matadzo edu ose.

V Makapira isu hama dzenyu upenyu hwenyu.

M **Ngatinamatei:** Yesu madiwa, kazhinji isu vanhu tinotaura tichiti, 'Wafa, warova' asi nokumuka kwenyu tinodzidza kuti kufa ndiko kutanga kwoupenyu.

M Kristo Mambo, makarovererwa pachipiyaniso.

V Tinzwireiwo tsitsi.

Rwiyo

Kana toosiya pasi,
Tipeiwo kugara nemi
Misi yose kudenga.

Chinamato chokupedzisira

Mwari Baba, tatoonazve nokurangarira pachipiyaniso choMwanakomana wenyu kuti tiri vatadzi. Yesu wakarohwa panzvimbo yedu, ropa rake rakasuka matadzo edu ose. Baba, tinotenda zvikuru zvamakatipa muponesi wakadai azere norudo.

Yesu madiwa, hatikutsvagii muguva. Hamumo. Muri mupenyu. Shoko renyu rokugumisira raive rokuti "Zvapera". Zvino rinonzwikwa sorwiyo rukuru rwokukunda. Rufu rwakamedzwa. Nechipiyaniso chenyu mufaro wakapinda munyika. Nokumuka kwenyu matotimutsawo isu kuti tigosvika kwamuri kudenga. Amen.

Baba Vedu….

Kaziwai Mariya…

Vakudzwe Baba...